

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur nu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, tokoh jeung latar), jeung sarana carita (judul, puseur implengan jeung gaya basa) sarta sémiotik (ikon, indéks jeung simbol) nu satuluyna dipatalikeun kana bahan pangajaran aprésiasi sastra kelas XII. Objék ieu panalungtikan nyaéta novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah. Anapon tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tiori strukturna Robert Stanton anu ngabagi struktur kana téma carita, fakta carita (galur, tokoh jeung latar) jeung sarana carita (judul, puseur implengan jeung gaya basa). Tiori nu lianna nyaéta tiori Charle Sanderse Pierce nu ngabagi sémiotik jadi ikon, indéks jeung simbol. Aya ogé ngeunaan kritéria bahan ajar nurutkeun Nasution nyaéta tujuan nu hayang dihontal, mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, dianggap mibada ajén minangka warisan ti entragan saméméhna, aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan sarta luyu jeung kabutuh katut minat siswa ngagunakeun tiorina Nasution. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis ngaliwatan téhnik talaah pustaka, analisis data, jeung interpretasi. Anapon instrumén nu digunakeun nyaéta instrumén tabél céklis buku sumber, kartu data struktural, kartu data semiotik, jeung tabél céklis kritéria milih bahan ajar.

Dumasar hasil analisis struktur novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah, miboga téma carita sosial nu nyaritakeun ngeunaan lalampahan Haén salaku budak yatim nu nyaba sakola bari néngan raratan kulawargana. Anapon tokoh nu kapanggih dina ieu novél nyaéta tokoh utama ‘kuring’ nu ngarana Haén, sarta tokoh tambahana Kang Tirta, Jéés, Kang Barna, Indungna Haén, Maryun, Bapa téré, Hajar, Kang Pura, Ceu Jenah, Juragan Haji, Radén Karta jeung Endén Siti. latar tempat dina ieu novél kabagi jadi dua nyaéta latar tempat umum jeung husus, latar tempat umum nyaéta di Kampung Cilubang, Pasirkuda, Sukaraja, Ciwangi, Bandung, Sumedang, Ciuyah jeung Kampung Cihideung. Latar tempat

husus nyaéta di kebon, warung, imah indung Haén, halteu, imah Endén Siti jeung di masigit. Lian ti latar tempat, aya ogé latar waktu nu katitén dina ieu novél nyaéta wanci pecat sawed, isuk-isuk, ti beurangna, sabada maghrib, subuh-subuh pukul lima, peutingan kadua, wanci lingsir, isukna, pukul tujuh soré, waktu pajar, kira pukul opat beurang, rebun-rebun kénéh, bulan puasa jeung wanci tunggang gunung.

Dina ieu novél ogé nyangkaruk tanda-tanda anu dipaluruh ngaliwatan pamarekan sémiotik. Tanda-tanda nu kapanggih nyaéta aya 12 ikon, 44 indéks jeung 28 simbol. Indéks mangrupa tanda nu pangréana kapanggih dina ieu novél sabab indéks anu nuduhkeun ayana hubungan *kasualitas* atawa sabab-akibat lantaran unggal tanda nu kapaluruh teu leupas tina réaksi kana kajadian-kajadian atawa konflik nu karandapan sakabéh tokoh dina carita

Hasil analisis struktur jeung sémiotik dina ieu novél téh tuluy dipatalikeun jeung bahan ajar. Novél *Carita Budak Yatim* téh nyumponan kana kritéria bahan ajar sabab miboga ajén-ajén nu hadé sarta loba ngagambarkeun kaayaan masarakat jaman baheula nu dijadikeun picontoeun jeung pieunteungeun siswa upama dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra (novél) di SMA kelas XII

5.2 Implikasi

Novel *Carita Budak Yatim* mangrupa salah sahiji karya sastra Sunda anu eusi carita na miboga ajén-ajén anu hadé pikeun pieunteungeun kahirupan sapopoé, lian ti éta, dina ieu novel nyangkaruk tanda-tanda nu miboga ma'na. hasil dina ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat, salah sahijina pikeun kamekaran karya sastra Sunda hususna novel sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas XII.

5.3 Saran

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun aprésiasi kana karya sastra hususna novél. Saran nu ditepikeun nyaéta pikeun mahasiswa, panalungtik satuluyna, guru, jeung masarakat umum.

Saran pikeun mahasiswa, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun réferénsi hususna nu patali jeung ulikan struktural katut semiotik.

Didit Maulana, 2018

NOVÉL CARITA BUDAK YATIM KARYA R. HANAPIAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XII: *Ulikan Struktural jeung Sémiotik*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Saran pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep aya deui panalungtikan nu maluruh novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah ngagunakeun pamarekan lianna.

Saran pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran di SMA kelas XII utamana pangajaran aprésiasi sastra.

Saran pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun jeung ngaronjatkeun karep kana aprésiasi sastra Sunda hususna novél.